



Wendy Sartory Link Palm Beach County Supervisor of Elections

[f](#) [X](#) [i](#) [in](#) [v](#) @VotePalmBeach

VotePalmBeach.gov

[561.656.6200](tel:561.656.6200) [561.656.6287](tel:561.656.6287) Info@VotePalmBeach.gov

PALM BEACH COUNTY
SUPERVISOR OF ELECTIONS
P.O. Box 22309
West Palm Beach, FL 33416



**Rete
enfòm sou
eleksyon
nou yo**

...


@VotePalmBeach



Nou chanje adrès! 
VOTE NAN *Konte Palm Beach* SÈLMAN VIN PI BON! 

NOUVO ADRÈS LA:

4301 Cherry Road
West Palm Beach, FL 33409



**FÈ YON TI KOUTJE ANDEDAN AN
EPI JWENN ELEKSYON AN PARE**

Pou nou sèvi ou pi byen, Sipèvizè Biwo Prensipal
Eleksyon Konte Palm Beach te chanje adrès.

Adrès biwo branch nou nan Delray Beach, Palm
Beach Gardens, ak Belle Glade rete menm kote a.

**ADRÈS NOUVO BIWO
PRENSIPAL LA:**

4301 Cherry Road
in West Palm Beach



“Biwo eleksyon ou angaje pou *transparans, onètete, responsablite, ak sèvis pou kenbe konte Palm Beach kòm pi bon kote pou moun vote*”

— Wendy Sartory Link, Sipèvizè Eleksyon yo



NOUVO ADRÈS BIWO PRENSIPAL LA:
4301 Cherry Road in West Palm Beach



Nan mwa Me 2024, Sipèvizè Eleksyon Konte Palm Beach te amenaje Biwo Prensipal li na 4301 Cherry Road in West Palm Beach. Konsolidasyon Biwo Prensipal la avèk Sant Ekipman pou Vote (ki te nan Riviera Beach anvan) nouvo lokal la ap asire yon pwosesis eleksyon ki pi efikas ak pwoteje.



PLIS TRANSPARANS

Nou genyen pi gwo espas piblik pou sèvis elektè yo, nouvo teknoloji pou ede piblik la wè bilten an Pi fasil, pou amelyore pwosesis demachaj ak pwosesis tabilasyon an, ak pwojè sansibilizasyon ki resevwa rekonpans ki Kenbe piblik la enfòmè epi fè pwosesis pi aksesib.



SEKIRITE KI AMELYORE

Nou itilize dènye teknoloji a pou pwoteje enfòmasyon elektè yo, pou jwenn ekipman pou elektè yo vote, epitou pou defann onètete pwosesis eleksyon an. Patenarya nou avèk ajans lapolis ak ekspè nan sibè-sekirite kenbe eleksyon nou yo pwoteje kont move aktè yo, etranje oswa lokal.



EFIKAITE AMELYORE

Avèk Biwo Prensipal nu ak Sant Ekipman nou pou moun Vote ki nan yon sèl lokal, nou kapab distribye Ekipman pou moun vote, materyèl eleksyon yo avèk plis efikasite, epitou nou kapab deplwaye travayè eleksyon yo nan biwo vòt yo tout kote nan konte a.



REDIKSTYON DEPANS YO

Operasyon entegre yo bay sèvis ki pi bon nan klas, pandan y ap redui depans yo pou antretyen ak depans administratif yo.

2024

DAT AK DÈLE YO POU ELEKSYON

ELEKSYON PRIMÈ

DAT LIMIT POU ENSKRIPSYON
ELEKTÈ AK CHANJMAN PATI POLITIK
22 JIYÈ 2024

DAT LIMIT POU DEMANN
VOT-PA-KORESPONDANS
8 OUT 2024
A 5:00 P.M.

VÒT ANVAN JOU ELEKSYON
10 - 18 OUT 2024
7:00 A.M. - 7:00 P.M.

JOU ELEKSYON
20 OUT 2024
7:00 A.M. - 7:00 P.M.

ELEKSYON JENERAL

DAT LIMIT POU
ENSKRIPSYON ELEKTÈ
7 OKTÒB 2024

DAT LIMIT POU DEMANN
BILTEN-PA-LAPOS
24 OKTÒB 2024,
A 5:00 P.M.

VÒT ANVAN JOU ELEKSYON
21 OKTÒB - 3 NOVANM 2024
7:00 A.M. - 7:00 P.M.

JOU ELEKSYON
5 NOVANM 2024
7:00 A.M. - 7:00 P.M.

Jwenn Eleksyon an Pare!



ENSKRI POU VOTE

Sou sitwèb VotePalmBeach.gov.

Sou Papye: Ou kapab telechaje aplikasyon yo nan sitwèb VotePalmBeach.gov epi ou prezante yo nan ajans enskripsyon elektè yo toupatou nan konte a.



FÈ MIZAJOU NAN ENFÒMASYON POU YO

Wè oswa konpare dènye dosye enskripsyon elektè ou nan sitwèb VotePalmBeach.gov oswa rele nimewo (561) 656-6200.



FÈ MIZAJOU NAN SIYATI OU

Rele nimewo (561) 656-6200 pou mande yon aplikasyon pou enskripsyon oswa telechaje yon aplikasyon sou sitwèb www.VotePalmBeach.gov epi retounen li nan biwo nou. Ou kapab fè mizajou yo nan siyati ou nenpòt lè epi nou dwe resevwa yo anvan nou enspekte bilten-pa-lapòs yo pou nou aksepte yo pou yon eleksyon. Nou itilize siyati ou pou verifye sètifika elektè ou ak nenpòt petisyon ki retounen nan biwo nou.

Ou kapab fè sèvis sa yo ak plis lòt sou sitwèb VotePalmBeach.gov